



SOU DOSYE:

Desizyon Otorite Siperyè yo.

ATTN:

Demann

Anplwayè

MEMWA:

Demandè ki te fè depozisyon NEW INITIAL CLAIM (NIC) (NOUVO DEMANN INISYAL) la pou alokasyon asirans chomaj ki aplikab . Apresa, Divizyon Sekirite Travay la ("Divizyon") te detèmine ke montan alokasyon chak semèn nan non demandè a te \$ epi, pandan ane alokasyon ki te etabli pa demandè a, montan maksimòm alokasyon asirans chomaj ki peye nan non demandè a te \$

Demann nan te ranvaye pou yon jij sou dosye separasyon de dènyè anplwayè a. Jij la te emèt yon rezolisyon pa abit la sou nimewo dosye: nan dat , ki twouve demandè a (Diskalifye) (Pa diskalifye) pou alokasyon yo. (Demandè) oswa (Anplwayè) a te depoze yon apèl de Rezolisyon an epi dosye a te tandem pa Abit Apèl sou nimewo dosye apèl . Moun sa yo te prezante nan odyans lan devan Abit Apèl: . Nan dat ,

Abit Apèl la te emèt yon desizyon ki mansyone, demandè a (diskalifye) (pa diskalifye) pou resevwa alokasyon asirans chomaj an konfòmite avèk to N.C. Gen. Stat. § 96-14().
(Demandè) (anplwayè) a te fè yon apèl.

KONSTATASYON FÈ:

1. Demandè a te depoze kèk apèl pou alokasyon asirans chomaj pou peryòd jiska . Demandè a te enskri pou travay avèk Divizyon an, li te kontinye fè rapò nan yon biwo travay jan li rekòmande pa Divizyon an, epi te fè yon demann pou alokasyon yo an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. § 96-15(a).

1. 2. Demandè a te kòmanse travay pou anplwayè a nan dat antanke yon . Dènye fwa li te travay pou anplwayè a se te



Desizyon Otorite Siperyè yo:
Paj Two nan Sis

2. The claimant was separated from this job when

MEMORANDÒM LALWA:

Lwa sou Sekirite Travay la prevwa:

(a) Yon moun ke Divizyon an detèmine nan chomaj pou move konpòtman avèk travay li an, konsidere kòm diskalifye alokasyon yo. Peryòd diskalifikasyon an kòmanse avèk premye jou nan premye semèn moun nan fè depozisyon yon demann pou alokasyon aprè move konpòtman an te rive

(b) Move kondwit nan tavay se yonn nan sa yo:

(1) Konpòte yon fason volontèman neglijan de enterè anplwayè a tankou li twouve nan vyolasyon volontè oswa mank rèspe konpòtman estanda yo ke anplwayè agenyen dwa pou espere de yon anplwaye oswa te eksplike pa vwa oral oswa ekri bay anplwaye a.

(2) Konpòte san pridans oswa avèk neglijans nan yon tèl degre oswa repetisyon yo pandan 1 ap manifèste mank rèspe yon fason entansyonèl oswa sibstansyèl de anplwayè a devwa oswa enterè anplwaye oswa obligasyon pou anplwaye a.

(c) Egzanp sa yo se premye prèv move kondwit ki kapab fè yon refize moun nan fè yon demann pou alokasyon yo:

- (1) Vyolasyon prensip ekri anplwayè a sou dwòg illegal oswa alkòl.
- (2) Prezante nan travay yon fason konsiderableman deteryore pa alkòl.
- (3) Konsomasyon alkòl oswa dwòg illegal nan espas anplwayè a.
- (4) Kondanasyon pa yon tribunal ki gen bon jiridiksyon pou jije, vann oswa distribiye yon sibstans kontwole ki kapab pini selon G.S. 90-95(a)(1) oswa G.S. 90-95(a)(2) si ofans gen rapò avèk oswa konekte avèk travay yon anplwaye pou yon anplwayè oswa vyolasyon yon règ travay rezonab oswa prensip.
- (5) Fen oswa sispansyon de travay aprè arèstasyon oswa kondanasyon pou yon ofans ki enkli vyolans, krim seksyèl oswa dwòg illegal si ofans lan gen rapò avèk oswa konekte avèk travay anplwaye yon anplwayè oswa vyolasyon rezonab yon règleman oswa prensip.
- (6) Tout vyolans fizik kèlkeswa li gen rapò avèk travay yon anplwaye pou yon anplwayè, ki enkli vyolans oryante sou sipèvizè, yon moun ki pi wo administrativman, moun k ap travay menm kote, moun k ap vann, kliyan, oswa publik la anjeneral.
- (7) Komantè ki pa apwopriye oswa konpòtman anvè Sipèvizè, moun k ap travay menm kote, moun k ap vann, kliyan oswa anvè tout publik konsènan nenpòt moun ki pwoteje pa leta ki kreye yon anviwònman travay ki pa apwopriye.
- (8) Vol ki lye avèk travay.
- (9) Fòje oswa falsifye nenpòt dokiman oswa done ki lye avèk travay, enkli yon premye aplikasyon ki te soumet pou travay.
- (10) Vyolasyon prensip ekri aplwayè konsènan absans.



(11) Refize rezonableman fè yon travay ou te gen tach pou fè oswa oupa rive ranpli tach travay yo nòmalman avèk minimòm prèv twa reprimann ekri nan 12 mwa ki imedyatman presede fen anplwa travayè a.

N.C. Gen. Stat. § 96-14.6.

N.C. Gen. Stat. § 96-14.6(c) enimere onz egzanp kondwit. Si prèv ki prezante yo montre ke demandè a angaje nan nenpòt nan yo, demandè a te kapab twouve diskalifye pou resevwa alokasyon asirans chomaj yo. Egzanp sa yo se "premye prèv konvenka sou move kondwit ki kapab rejte demandè a. Lè yon demandè te relve de travay li, anpwayè a genyen yon chaj pou pwouve ke relèv demandè a te pou yon rezon ki t ap diskalifye l pou resevwa alekasyon asirans chomaj yo. Guilford Cty. v. Holmes, 102 N.C. App. 103, 401 S.E.2d 135 (1991).

Yon moun pa gen dwa avèk alokasyon epi diskalifye pou resevwa alokasyon yo si Divizyon an detèmine moun nan te kite travay pou yon rezon ki diferan de bon koz ki atrabye avèk sa anplwayè a te bay la. Lè yon mounkite travay, chaj pou montre bon koz ki atrabyab avèk anplwayè a repoze sou moun nan epi chaj la pa dwe rejte sou anplwayè a. N.C. Gen. Stat. 96-14.5(a). Pandan lang N.C. Gen. Stat. 96-14.5(a) deklare ke li aplikab lòske yon moun kite travay li [,"] rapò li a pa antyèman limite lè yon moun kite travay li. Itilizasyon vèb "kite" pa endike ke pouvwa lejislatif la te genyen entansyon aplike règleman an nan sèlamn yon sitiyasyon eta de yon abandon. Li vle dit ou aplike nan ka lè anplwaye a relve de travay li sèlam akoz de pwoblèm fizik oswa kondisyon sante kote lòt egzijans règleman yo reponn. Tankou, Konsèy la mete fen pou di ke li kòrèk pou aplike sa ki prevwa nan N.C. Gen. Stat. § 96-14.5(a) pou ka prezan an.

Kou Siprèm nan Iowa te fè fas avèk menm dosye konstriksyon règleman an nan McCarthy v. Iowa Emp't Sec. Comm'n, 247 Iowa 760, 764, 76 N.W.2d 201, 204 (1956). Tribunal la te te retni ke "Mo' Si li te kite travay... dwe entèprete pou di 'Si li te vin nan chomaj... .' Sèlman entèpretasyon sa annakò avèk (Lwa sou Sekirite Travay Iowa a) ki deklare ke vrè objèktif lejislatyon an se pou rekòmande egzijans pou ecate de rezèv ' pou alokasyon moun ki nan chomaj men ki pa depann de yo.' " (Anfaz nan original). Accord, Cotright v. Doyal, La. Ct. App., 195 So.2d 176 (2nd Cir. 1967), Des Moines Indep. Cmtys Sch. Dist. v. Dep't of Job Serv., 376 N.W.2d 605 (Iowa 1985), and Welch v. Iowa Dep't of Emp't Servs., 421 N.W.2d 150 (Iowa 1988).

Asanble Jeneral Kawolin Dinò a te deklare se pou " byen pyen piblik la avèk byenèt sitwayen" de Eta Kawolin Dinò ke lwa sou Sekirite Travay la te dekrete epi lajan ki kolekte a selon Lwa sou Sekirite Travay la "dwe itilize pou alokasyon moun ki nan chomaj yo men ki pa depann de yo." N.C. Gen. Stat. § 96-2. Konsèy la konkli ke nan objèktif pou bay entansyon lejislati a bon jan sans, mo " Ki kote yon moun nan kite travay... .C. Gen. Stat. § 96-14.5(a) entèprete pou vle di " Kote yon moun separe de travay li...".

Nan Applewhite v. Alliance One Int'l, Inc., 188 N.C. App. 271, 654 S.E.2d 764 (2008), avèk James v. Lemmons, 177 N.C. App. 509, 629 S.E.2d 324 (2006), Tribunal Kawolin Dinò a espesyalman pou apèl ki retni (Dosye kote anplwayè a te relve demandè a lòske yon kondisyon medikal koz absans nan travay li) ke si dènye ensidan ki te Mennen demandè vyole prensip anplwayè a te akoz de maladi, " (demandè) a pa te rezonableman gen kontwòl sou echèk sa pou konfòme l avèk prensip (anplwayè a)," epi konpòtman (demandè a) pa ka rive nan nivo yon gran fot." 'tribinal la te retni tou, ke diskalifikasyon pasyèl (demandè a) pou konpansasyon chomaj yo pa te awopriye.' Anplis, tribunal la tettwouve ke detansyon sa yo te konsistan avèk detansyon li a selon Lindsey v. Qualex, Inc., 103 N.C. App. 585, 406 S.E.2d 609, disc. rev. denied, N.C. 196, 412 S.E.2d 57 (1991).



Desizyon Otorite Siperyè yo.
Paj Kat nan Sis

KONKLIZYON LALWA:

Nan ka prezan an, Konsèy Egzamen an mete fen apati de prèv konpetan epi ki kredib avèk fè ki twouve ke demandè a te relve de travay li. Epi Konsèy Egzamen an konkli, aprè aplikasyon lwa sou kontwòl dosye yo pou fè nan ka sa., demandè a (te reyisi rejte) (pa te reyisi rejte) bon jan prèv move kondwit ki te prezante pa anplwayè a epi move kondwit sa nan dosye sa te montre oswa pa te montre. Nan ka sa, absans demandè a nan travay li akoz de yon kondisyon medikal kote demandè a te gen kontwòl li oswa pa te ka jere l.

Sou baz sa ki swiv la, , desizyon Abit Apèl la dwe (afime/ranvèse/modifye). Epi demandè a(diskalifye) (pa diskalifye) pou resevwa alokasyon asirans chomaj yo.

DESIZYON:

Desizyon Abit Apèl la (**AFIME**)(**RANVÈSE**)(**MODIFYE**).

Demandè a **DISKALIFYE** pou alokasyon asirans chomaj yo k ap kòmanse .(**PA DISKALIFYE**) epi pral resevwa alokasyon asirans chomaj yo k ap kòmanse .

Manm Konsèy Egzamen yo: John S Doe avèk Susan S Doe te patisipe nan apèl sa epi te dakò avèk desizyon sa a.

Sa se .

KONSÈY REVIZYON

Prezidan

NÒT: Desizyon Otorite Siperyè a pral vin definitif nan trant (30) jou aprè li voye pa lapòs sof si yon petisyon pou egzamen jidisyè depoze nan kou siperyè a jan li endike pi ba a. Dat li voye pa lapòs la twouve nan dènye paj desizyon sa. Menm si Konsèy la pa bay avi jiridik, silvouplè konsilte bwochi ki atache a pou plis konsèy sou kòman pou fè apèl yon Desizyon Otorite Siperyè a. Bwochi a disponib nan biwo travay publik yo nan tout Eta a, epi sou sitwèb Divizyon Sekirite Travay la. Ou kapab vizite tou seksyon *Kesyon ki Souvan Poze* yo sou sitwèb Divizyon Sekirite Travay la nan www.des.nc.gov, epi konsilte yon avoka selon chwa w.

DWA APÈL POU EGZAMEN JIDISYÈ



Apèl apati de Desizyon Otorite Siperyè sa dwe depoze bay Grefye Kou Siperyè a pa moun k ap fè petisyon an nan zòn kote li rezide a, oswa kote moun k ap fè petisyon an genyen espas prensipal biznis li. Si yon pati pa rezide nan okenn zòn oswa genyen espas prensipal biznis li nan nenpòt kanton nan Kawolin Dinò, apèl yo dwe depoze bay Grefye Kou Siperyè kanton Wake county a, Kawolin Dinò oswa avèk Grefye Kou Siperyè kanton Kawolin Dinò kote kontestasyon an te fèt la.

Desizyon de Otorite Siperyè a pral vin definitif trant (30) jou aprè li voye pa lapòs sof si yon petisyon ki te rive alè pou egzamen jidisyè depoze nan kou siperyè a an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. §§ 96-15(h) avèk (i).

Kopi tout petisyon pou Egzamen Jidisyè ki depoze bay Grefye Kou Siperyè a dwe voye bay Divizyon Sekirite Travay la ("Divizyon") avèk tout pati ki enskri nan pwoesisis la nan delè dis (10) jou de lè petisyon an te depoze a. Kopi petisyon an dwe voye pa sèvis pèsonèl oswa yon adrès lapòs ki sètifye, retounen resi ki egzije a. Petisyon pou egzamen kou siperyè a dwe voye ladan epi adrese avèk ajan ki imatrikile pou sèvis trètman nan Divizyon an:

A. John Q Lawyer

Konseye Jiridik an Chèf

Depatman Komès Kawolin Dinò

Divizyon Sekirite Travay

Adrès Lapòs: Post Office Box 25903, Raleigh, NC 27611-5903

Adrès Fizik: 700 Wade Avenue, Raleigh, NC 27605-1154


NÒT: Si ou te enfòme avèk yon petisyon pou egzamen jidisyè pa lòt pati a, ou p ap yon pati pou pwoesisis egzamen jidisyè a sof si ou: (1) Enfòme kou siperyè a nan delè dis (10) jou aprè ou resevwa petisyon ke ou vle vin yon pati nan pwoesisis yo, oswa (2) depoze yon mosyon pou entèvni jan li dekri nan N.C. Gen. Stat. § 1A-1, Règ 24.

AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504(2) (enkli moun antrepriz tyès yo k ap sèvi antanke administratè anplwayè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 avèk § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèviziyon yon avoka dwe ekri an konfòmite avèk 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Reprezantasyon legal nan pwoesisis jidisyè dwe an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504, lòske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout enfòmasyon ki te founi bay yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 jiyè 2013 yo, demandè yo fè sijè ranbousman alokasyon ki te resevwa de nenpòt desizyon jidisyè oswa administratif ki ranvèse pita pandan apèl la. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).



AVI ESPESYAL POU DEMANDÈ YO: Si ou t ap resevwa oswa te deja resevwa alokasyon asirans chomaj annakò avèk demann ki soulinye a epi avèk Desizyon Otorite Siperyè a rann ou pa elijib oswa diskalifye pou tout oswa yon pati nan alokasyon sa yo, kounyeya ou kapab jwenn yon pèman anplis de alokasyon yo selon N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2). Si yon pèman anplis te kreye pa Desizyon Otorite Siperyè a, ou pral resevwa pa lapòs yon avi separe de pèman anplis la oswa rezolisyon pèman anplis de Divizyon Entegrite Alokasyon/ Seksyon Kontwòl Pèman Alokasyon an. Avi Pèman Anplis la oswa rezolisyon pèman anplis la dwe mansyone, pami lòt bagay yo, montan pèman anplis ou an avèk tout penalite ki aplike. Silvouplè pran nòt, sèl mwayen ou kapab konteste pèman anplis la se fè depozisyon yon petisyon pou egzamen jidisyè de Desizyon Otorite Siperyè sa nan tribunal ki founi pi wo a, epi an konfòmite avèk lwa kawolin Dinò. Nan petisyon ou an, ou dwe espesifye kelkeswa w ap aple (1) rezulta diskalifikasyon a oswa elijiblite avèk oswa (2) rezolisyon final ou te resevwa yon pèman anplis alokasyon.

Apèl ki te depoze:

Desizyon ki te voye pa Lapòs: